



Vaksen Moderna ak Pfizer—kijan yo mache?

Li enpòtan pou konnen ke syantis yo te gen yon avans pou fabrikasyon vaksen COVID-19 sa yo.




Syantis yo nan Enstiti Nasyonal Sante (National Institutes of Health) ak University of Pennsylvania te kòmanse travay sou vaksen sa yo apre epidemi kowonaviris anvan yo.

Yo te izole yon pati nan viris la—pwent (spike) lan. Sa ta pral ede yo fè vaksen yo.




Vaksen COVID-19 sa yo se vaksen ARNm. Pratikman, yo se kòmmanman pou kò yo fabrike egzanp pwent COVID-19 yo.


MEN KIJAN VAKSEN AN AJI NAN KÒ OU



DEZYÈM PIKI A EDE VAKSEN AN VIN PI EFIKAS TOUJOU.



San vaksen, sistèm iminitè ou pa pral rapid ase pou rekonèt ke viris COVID-19 la move. Alòske sistèm iminitè ou ap travay an ijans pou pwoteje kò ou, viris la gen anpil tan pou gaye epi fè ou malad.



Avèk vaksen, kò ou deja konnen li dwe vijilan pou pwent lan. Si viris la antre nan kò ou, sistèm iminitè ou vin travay byen vit pou detwi viris la.



Ou pa pral malad lè kò ou fabrike egzanp pwent lan paske se pa pwent yo ki viris la. Vaksen an PA gen ladan pou ba ou piki avèk viris COVID-19 la ni li PA chanje ADN ou oswa kòd jenetik ou.

Aprè vaksen an, ou ka gen kèk efè segondè—yo pral disparèt nan lespas kèk jou. Efè segondè yo se siy nòmal ki endike kò ou ap devlope yon pwoteksyon. Efè segondè yo gen ladan:

- Doulè ak anfleman nan bra ki pran piki a.
- Lafyè, frison, fatig ak maltèt.



Vizite **MyVaccine.FL.gov** pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou enskri alavans pou vaksen nan sit Eta a soutni nan zòn ou an.

**Florida
HEALTH**